# QARAQALPAQ XALQÍNÍŃ TARIYXÍY JOLÍ

*Dosbergenova Miyrigúl Sadiratdinovna,*
*Ájiniyaz atındaģı NMPI "Túrkiy tiller" fakulteti "Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı" qánigeligi*
*1[A] kurs studenti*

**Annotaciya.**Bul ilimiy maqalada qaraqalpaq xalqınıń basıp ótken tariyxıy jolı, kelip shıǵıw tariyxı, mákan etken aymaqları haqqında maǵlıwmatlar, alımlardıń izertlewleri, olardıń pikirleri de keltirip ótilgen.

**Gilt sózler:** Qaraqalpaq tili, sak-massaget, Aral teńizi, Kiev rusı, qara bórlikliler, "Qalpaq" ataması, pecheneg, Túrk qaǵanatı, Noǵay xanlıǵı, Orta Aziya, Altın Orda.

Adamzat jámiyeti qáliplesip hám óz aldına xalıq bolıp bólinip túrli millet wákilleri bolıwı erte dáwirlerden baslanǵan. Hárbir xalıq dáslep birge, bir jámiyette jasaǵan. Keyin ala olar bólinip, dúnyanıń túrli múyeshine barıp jaylasqan hám óz aldına xalıq bolıp qáliplesken.

Prof K.Mambetovtıń aytqanınday: "Keshe ya búgin payda bolıp atırǵan xalıq joq. Olardıń hárbiri hár qıylı zamanlarda basqa xalıqlar menen birge jasap til mádeniyatı jaǵınan jaqın bolıp kelgen".[1;16].

Durısında da bir ǵana qaraqalpaq xalqı erte dáwirlerde sak, massaget, sońınan VI ásirde túrkiy qáwimler menen ortaq atamada, olar menen til mádeniyatı jaǵınan da jaqın jasaǵan. Bunnan keyin IX-XI ásirde qara bórlikliler, XII-XIII ásirde qıpshaqlar, XIV-XV ásirde noǵaylılar degen at penen tilge alınadı. Xalıqtıń óziniń tolıq atı XVI ásirde payda bolǵan. Buǵan dálil sıpatında 1597-jılı Buxara xanı Abdullaxannıń Sıǵnaq qalasındaǵı Áwliye Zıyaddın mavzoleyine bergen jarlıǵında "Qaraqalpaq" atamasınıń qollanılıwın ayqın mısal etsek boladı. Sonday-aq joqarıdaǵı pikirimizdi (erte dáwirlerde sak-massaget dep atalǵan) tastıyıqlaw ushın Akad S.P.Tolstov júrgizgen arxeologıyalıq izertlewdi aytıp óteyik. Ol Aqshadárya hám Sirdaryanıń ortańǵı jaǵalawlarınan Inkar dárya boylarınan Sak-massaget qáwimleriniń izin taptı hám ol qaraqalpaqlardıń ata babaları sak-massagetler dep, bul pikirdi tastıyqladı.

Sak massagetler haqqında N.Bichurin, V.Bartold, S.Gumilev sıyaqlı alımlardıń miyneti bar. Dárya boyınıń sakları haqqında áyyemgi grek alımları Gerodot hám Strabonnıń da miynetleri saqlanǵan. Olardıń aytıwınsha "Massaget" sóziniń ózi de "Saklarınıń mákanı" degen mániste. Yaǵnıy ma (dala), sak(sak), get(mákan) mánisinde.

Sak-massagetlerdıń bir bólimin "Debrikler" dep ataǵan. Debrikler hayal-qızlardı qásterleytuǵın edi. Olardıń Tumarıs Aqqaǵas, sıyaqlı hayal patshaları da bar. Álbette tariyxshı Strabonnıń bul pikirleri xalıq arasında belgili ańız "Tumarıs penen Kır II nıń urısı" nda óz sáwleleniwin tapqan.

Tariyxshı Geradottıń aytıwına qaraǵanda: "Saklardıń kózleri kishkene, bayları kelte, basına tóbesi biyik kıyız qalpaq kiyinip, beline baylanǵan kelte qılıshı hám shoqmarı bar" dep táriyplegen.

Durısında da, Gerodottıń saklarǵa bergen bul sıpatlaması qaraqalpaqlardıń házirdegi sırtqı kórinisine ádewir usaydı. Sonı da aytıp ótiw durıs sak- massagetler tek qarqaqalpaqlardıń ata-babası emes Orta Aziyada jasaǵan qazaq,ózbek,qırǵız,túrkmen sıyaqlılar shıǵısında da kórinedi. IV-VII ásirlerde Qaraqalpaqstannıń házirgi aymaǵı Afrıǵıyler mámleketi quramına kiretuǵın edi. Xorezm Aral boylarında, Arqa Kaspiy jaǵalarında jasaǵan qáwimler menen tıǵız baylanısta bolǵan. Bul pikirimizge dálil sıpatında III ásir ortalarında Xprezm mámleketiniń paytaxtı Qaraqalpaqstannıń Ellikqala rayonındaǵı Topıraqqala qarabaqanası ornında bolǵanlıǵın ayqın mısal etsek boladı. V ásir ortalarında Orta Aziya siyasıy turmısında basshılıq Xionitlerden eftalitlerge ótedi. Óz dáwirinde eftalitler Kaspiyden Arqa Hindistanǵa hám batıs Túrkistan ǵa shekem aralıqta ózleriniń mámleketin dúzgen. Degen menen VI ásir ortasında sasanıyler armiyası hám túrklerdiń soqqısı sebepli qulaydı. Bunnan keyin túrkler Altay hám Qubla Sibirdegi qáwimlerdi birlestirgen hám tariyxqa " Túrkiy qáwimler" degen at penen kiredi. Onıń tiykarın salıwshı Bumin edi.[2;8]

Endi sak-massaget qáwimleri Xorasannan baslap Qıtayǵa shekem, Tyanshan tawlarınan Orxan dáryasına shekem aralıqlarda "Túrkiy qáwimleri" degen at penen kórine baslaǵan. Bul pikirimizdi Manǵolıstannıń Orxan Enisey dáryaları boyında tasqa oyıp jazılǵan. Orxan-Enisey jazba estelikleri tastıyıqlaydı. Al, bunnan keyin VII-VIII ásirlerde Orta Aziya aymaǵında Arab xalifalıǵı ornatıladı. Olar xalıqtı aǵartıwshılıq máselesi menen úgit-násiyatlawǵa kelgen edi. Óytkeni sol dáwirlerden keyin bul jerlerde de oyanıw dáwiri baslanǵan edi. Belgili arab tariyxshısı Abul Fazl Beyxakeydiń "Tariyxı Beyxaki" miynetinde XI ásir ortalarında Xorezmshahtıń ásker baslarınıń biriniń atı "Qalpaq" ekenligi aytıp ótiledi.[3;59]

X ásir basında pechenegler belgili sebepler menen 3 toparǵa bólinip ketken. Olardıń bir topari Vizantıya táreplerge, al pecheneglerdiń shıǵıs topari Aral átiraplarında jasap qalǵan. Buǵan mısal etip 1145-jılǵı orıs jılnamalarındaǵı mına maǵlıwmattı keltirsek boladı. "Kiev Rusında jasaǵan pecheneg, túrk qáwimleri birlesip "chyornie klobukı"-qara bórilikler awqamın" dúzgenligin keltirsek boladı.

Sonday-aq arab tariyxshısı Rashid-ad-Dinniń jazıwına qaraǵanda 1239-jıl, Shıńǵısxannıń áskerleri Batıydıń basshılıǵında Kievke atlanıs jasaǵan waqtında dáslep "qara bóriliklerdi" sońınan Kievti alǵanlıǵın jazǵan.[4;8]

Bunnan keyingi qaraqalpaqlar tariyxı Altın Orda menen baylanıslı. Shıńǵısxan Shıǵıs Evropaǵa shekemgi aralıqtı basıp alǵannan keyin bul jerlerdi balalarına bólip beredi. Paytaxtı Volgada bolǵan Altın Orda mámleketi dúziledi. Xorezm de onıń quramına kiredi. Bul jerler onıń úlken balası Jojı úlesine tiyedi. Jojı qaytıs bolǵan soń onıń balası Batıy xan boldı. Biz bunı qaraqalpaq balaları qosıǵı Túlkishek-te de kórsek boladı.

Túnde qayda barasań,
Batıy xanǵa baraman,
Batıy xannıń nesi bar,
Ushar-ushar qusı bar.

Sol sebepli qaraqalpaqlar Edil, Jayıq boylarına kóship keliwge májbúr bolǵan.

XIV-XV ásirlerde Amir Temur áskeriy atlanısları sebepli Altın Orda mayda xanlıqlarǵa bólinip ketken. 1391-jılı Shıǵıs Evropa dalalarında Edil Jayıq boylarında Edige basshılıǵında Noǵay xanlıǵı payda boldı.

Álbette bul boyınsha da Edige menen Amir Temurdıń óz ara baylanıslıǵı haqqında xalqımız arasında maǵlıwmatlar bar.

Ruslardıń úziliksiz shabıwı sebepli Noǵay xanlıǵıda búlginshilikke ushırap 3 bólekke bólinip ketken. Úshinshi "altı ulı" dep atalǵan bólegi 1557-jılı Jayıq dáryasınan ótip Túrkistanǵa qarap kóshken bunnan maqseti Xorezmge ótiw edi.

Xalıq arasında belgili "Ormambet biy ólgen kún" tolǵawı ayqın dálil bola aladı. Degen menen 1723-jılı juńǵarlardıń shabıwı sebepli Xorezmge kóshiwge májbúr bolǵan. Bul pikirlerimiz Jiyen jırawdıń ataqlı "Posqan el" tolǵawında óz kórinisin topqan.

Al jigitler,jigitler,
Endi ólimnen qutıldıq,
Jaynap jasnap xalıq boldıq,
Aqdáryanıń boyında.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1.K.Mambetov. " Erte dáwirdegi qaraqalpaq ádebiyatı tarıyxı" Nókis "Bilim" baspası 1992-jıl.
2.Q.Maqsetov. "Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri" Nókis "Bilim" baspası 1996-jıl.
3.Abu Fazl Beyxakiy "История Мауда" 1962-jıl.